



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM
RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU ANKETE SOU GRAFITI DETESTAB NAN
VIL PERINTON**

"Mwen santi mwen degoute akòz kwa game (swastikas) ak lòt grafiti rasis yo ke yo te jwenn nan plizyè kote nan vil Perinton jedi maten. Se lach ki sèlman ap chèche divize ak enstale laperèz nan kominote nou yo ki te ekri langaj detestab sa a, epi nou genyen zewo tolerans pou li nan New York.

Mwen bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a pou ankete sou ensidan tèrib sa a epi asire ke yo pouswiv sila yo ki responsab yo nan tout mezi lalwa pèmèt. New York te toujou epi li ap toujou yon flanbo divèsite ak asepsasyon, epi nou pral kontinye rete ini nan kondane zak rayisans vil sa yo chak fwa ak kèlkeswa kote nou wè yo".

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)